

# Anpil Imigran Ka Pèdi SNAP Yo (Koupon Manje) Apati 1ye Oktòb 2025

Si ou menm oswa yon moun nan fanmi w se yon imigran epi resevwa SNAP (koupon manje), nouvo règleman yo ka mete benefis nou yo an danje depi 1ye Oktòb.

## Nouvo Restriksyon sou Elijibilite SNAP pou Imigran yo

Akoz yon nouvo lwa federal ki koupe SNAP, gen kèk imigran ki kalifye pou SNAP kounye a ki p ap kalifye pou SNAP ankò. Anba nouvo lwa federal la, sèl gwoup ki kalifye pou SNAP yo se:

- Sitwayen Etazini
- Moun ki gen kat vèt (rezidan pèmanan legal)
  - Gen kèk moun ki gen kat vèt ki dwe tann senk lane anvan yo ka jwenn SNAP. Men kèk moun ki gen kat vèt ki pa oblije tann senk lane: 1) moun ki te gen estati refijye, moun ki te resevwa azil, oswa viza T anvan yo te jwenn kat vèt yo, 2) timoun ki poko gen 18 lane, ak 3) adilt k ap resevwa Asistans Medikal pou yon andikap.
- Patisipan Kiben oswa Ayisyen
  - Anpil moun ki soti Kiba oswa Ayiti se patisipan Kiben/Ayisyen. Yon patisipan Kiben/Ayisyen se yon moun ki swa 1) yo te bali libète kondisyonèl pou li antre Ozetazini, menm si libète kondisyonèl la ekspire kounye a oswa yo gen yon lòt estati imigrasyon kounye a, oswa 2) gen yon aplikasyon azil annatant oswa 3) nan pwosedi pou yo ekspilse l men li pa gen yon lòd final pou ekspilse l.
- Sitwayen Mikwonezi, Palau, oswa Zile Marshall yo (peyi COFA yo)

**Si ou pa nan youn nan gwoup ki endike anwo a, ou pap kalifye pou resevwa SNAP selon nouvo règleman yo ankò.**



# Anpil Imigran Ka Pèdi SNAP Yo (Koupon Manje) Apati 1ye Oktòb 2025

## Aji kounye a pou pwoteje benefis ou yo.

- **Si ou gen yon kat vèt, asire w ke Biwo Asistans Konte a (CAO) gen yon kopi l.** Si ou pa te janm montre yo kat vèt ou a, yo ka pa konnen ou genyen l epi yo ka koupe benefis ou yo lè nouvo règleman yo antre an vigè.
- **Veye lèt oswa avi** nan men CAO a k ap poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w. Si ou gen yon kat vèt oswa ou se yon patisipan Kiben/Ayisyen nan peyi a, reponn lèt sa yo byen vit pou asire w ke CAO a konnen ou ka toujou kalifye pou SNAP.
- **Fè yon apèl avi touswit si yo koupe SNAP ou a.** Lè CAO a fè yon erè konsènan SNAP ou a, pi bon fason an se toujou depoze yon apèl pou repare erè sa a.
- **Tcheke pou wè si ou kalifye pou yon egzansyon apati egzijans travay SNAP yo.** Apati 1ye Septanm, anpil adilt ap bezwen pwouve ke yo travay 20 èdtan pa semèn pou yo konsève SNAP yo a. Aprann plis epi verifye si w an sekirite selon règ sa yo isit la: [clsphila.org/SNAPchanges](https://clsphila.org/SNAPchanges)

**Ou bezwen èd legal?** Ou ka mande èd legal ak apèl SNAP yo. Nan Filadèlfi, vin nan Community Legal Services nan 1410 W. Erie Avenue Lendi oswa Mèkredi soti 9 è nan maten rive midi oswa rele nou nan 215-981-3700 nan Jedi soti 9 è nan maten rive midi. Tcheke isit la pou jwenn pwogram èd legal lokal ou a deyò Filadèlfi: [palegalaid.net/legal-aid-providers-in-pa](https://palegalaid.net/legal-aid-providers-in-pa)

**Ou pa kalifye pou SNAP ankò?** Ou ka jwenn èd nan depo manje lokal ou a. Gade resous sa yo pou wè si gen èd ki disponib:

- [www.phila.gov/food](https://www.phila.gov/food)
- [www.feedingpa.org/find-food/local-food-pantries](https://www.feedingpa.org/find-food/local-food-pantries)
- [www.sharefoodprogram.org/find-food](https://www.sharefoodprogram.org/find-food)
- [www.pa.gov/agencies/pda/food/food-assistance/food-security-in-pennsylvania/food-resources-for-pennsylvanians](https://www.pa.gov/agencies/pda/food/food-assistance/food-security-in-pennsylvania/food-resources-for-pennsylvanians)

